



MINISTÈ EDIKASYON NASYONAL AK FÒMASYON PWOFESEYONÈL (MENFP)
FILYÈ ANSÈYMAN JENERAL
EGZAMEN FEN ETID SEGONDÈ
BAKALOREYA PÈMANAN- DESANM 2025
SERI: (SES-SMP-SVT)
KREYÒL

SIWO

- Konsiy: 1) Li entèdi pou gen selilè nan sal la.
2) Ou pa gen dwa pale nan sal la.

Premye pati (40pwen / 8pwen pou chak bon repons).

A. Gramè- Vokabilè-Òtograf

Jwenn kategori gramatikal mo ki souliye yo nan fraz pi ba yo:

- a) Jozèf ap fè manje nan kizin nan.
b) Anseve se yon bèl bagay !
ch) Dlo ale ak chen nwa Jowèl la yè swa.
d) Plizyè moun al nan lanmò Simòn.

2- Ekri yon fraz pou chak etikèt ki vin aprè yo.

- a) Fraz entèwogativ endirèk
b) Fraz enperativ
ch) Fraz konplèks ak sibòdonan « kwak »
d) Fraz deklarativ negatif

3- Fè kat (4) fraz ak mo "ba" pou nan chak fraz li gen yon sans diferan.

4- Fè diferans ant yo pwennvi sibjektif ak yon pwennvi objektif.

5- Reyekri mo nan kolòn dwat yo nan kolòn goch la pandan n ap sèvi ak yon prefiks pou nou jwenn kontrè yo nan tablo a.

Prefiks antonim +Mo	Mo
	Konstitisyonèl
	Konpreyansib
	Lejitim
	Regilye

B- Dezyèm pati (40 pwen)

Krabye

Yon jou yon krabye t ap rale san konn kibò,
Sou bwa pye long li yo, men longè bèk li
ak kalite kou long li a.

Li t ap mache bò yon rivyè.

Dlo a te klè menm jan ak moman syèl la
ble kon digo

Kòmè Kap t ap fè lèsanpa nan rivyè a
Avèk bwochè monkonpè li.

Krabye a ta ka annik pwofite je fèmèn.

Yo tout te pwoche arebò, zwazo a t ap jis lonje
bèk li pran.

Men li wè tann toujou se sa ki te pi bon

Jiskaskè li santi l ta manje

Nèg sa a t ap viv sou rejim, li te gen lè l pou li
manje.

Yon bon moman apre, grangou di men mwen:

Zwazo a pwoche bò larivyè a, epi li wè sou
dlo a

Yon bann teta k ap monte soti byen fon anba.

kalite manje sa pa t nan gou li: li t ap tann pi
bon jibye,

Epi misye fè grimas

Tankou fanm ki gwòs.

Li di: mwen menm, manje teta ! Mwen,

krabye, pou m ta desann figi mwen ! E

Poukisa y ap pran m la ?

Li te jwenn teta li pa t pran, li vin jwenn yon
bann ti krebete.

Krebete menm ! Mwen menm pou ta oze

menm fè yon ti louveri bèk mwen pou ta

manje kalite bagay sa a! Mande Bondye
padon !

Li oblije louveri bèk li pou mwens pase sa:

Vwala li pa wè okenn pwason.

Grangou kenbe li: se pa ti kontan li te kontan

lè li te tonbe sou yon kalmason. [...]

Jean de la Fontaine, tradiksyon Didley Bien-Aimé (DRA)

B- Konpreyansyon tèks (20 pwen/4 pwen pou chak bon repons)

- 1- Bay tip tèks la epi jistifye repons ou chwazi a.
2- Poukisa krabye a pa t prese manje teta a lè li te wè l ?
3- Ki leson moral ou ka tire nan istwa sa a ?
4- Ki siyifikasyon metaforè teta a genyen nan tèks la, e ki kalite moun li ka reprezante nan lavi reyèl ?
5- Ki efè iwonik ki genyen nan dènye mo nan tèks la ?
«Grangou kenbe li men li tonbe sou yon kalmason. »

Ch) Literati ekspresyon kreyòl (20 pwen / 4 pwen pou chak bon repons)

- 1- Kisa yon sonè ye ?
2- Bay sans de pwovèb pi ba yo :
a) Evite miyò pase mande padon.
b) Jan rat mache se pa konsa l kenbe rat.
3- Bay non otè, zèv ki nan tablo anba a.

Zèv		Otè
a)	Zanj nan dlo	
b)	Depa Klèreniz	
ch)	Dyakout	
d)	Lisette quitté la plaine	

4- Fè diferans ant tonalite didaktik e tonalite polemik.

5-Jwenn non pèsònaj prensipal zèv Mèt Lawouze douvanjou nan lis sa a.

- a) Emanyèl
b) Sonson
ch) Ilaryon
d) Manwèl

Twazyèm pati (20 pwen)

D- Pwodiksyon ekri

Chwazi youn nan sijè sa yo.

1- Twòp anbasyon, avaris krazè misyon. Èske ou panse deklarasyon sa a valab pou politisyen ayisyen yo ? Bay opinyon ou, pandan w ap itilize bon jàn agiman ak egzanp pou ou kore lide ou yo.

2- Nan sosyete Ayisyèn nan, anpil lidè politik parèt tankou krabye a: yo pa janm satisfè yo toujou anvi plis epi sa lakoz yo pèdi kredibilite yo ak konfyans pèp la.

Ekri yon tèks agimantatif pou ou bay opinyon ou sou sijè sa a. Sèvi ak egzanp ki soti nan reyalye politik ayisyen an pou ou soutni pozisyon ou.

Ou ka dakò, ou ka pa dakò men ou dwe jistifye sa.